

GID PARAN AK EDIKATÈ

ADOLESAN AK *MEDIKAMAN* SOU PRESKRIPSYON



Kesyon Kouran yo. Repons ki senp.

KI MEDIKAMAN SOU PRESKRIPSYON *KE MOUN* PLIS MAL ITILIZE?

Analjezik: Codeine, oxycodone (OxyContin®, Percocet®), hydrocodone (Vicodin®).

Sedatif/trankilizan: Mephobarbital (Mebaral®), alprazolam (Xanax®), diazepam (Valium®)

Estimilan: Dextroamphetamine (Dexedrine®), sèl amphetamine/dextroamphetamine (Adderall®), methylphenidate hydrochloride (Ritalin®) ak methylphenidate hydrochloride (Concerta®)

POUKISA ADOLESAN YO AP FÈ EKSPERYANS AVÈK *MEDIKAMAN* SOU PRESKRIPSYON YO?

- Yo vle dwoge tèt yo.
- Yo tonbe anba presyon kamarad.
- Yo pa vle konprann konpòtman riske ki asosye avèk konsomasyon dwòg.
- Yo kwè ke akoz yon founisè swen sante te preskri yo, yo san danje.
- Yo ka jwenn yo pi fasil pase dwòg ki ilegal oswa alkòl.

KIKOTE YO JWENN YO?

- Dabitid yo jwenn yo nan amwa medikaman yo.
- Menm si adolesan yo pa genyen medikaman sou preskripsyon lakay yo, yo kapab konnen yon moun ki genyen yo.
- Dilè dwòg yo vann anpil medikaman sou preskripsyon yon fason ki ilegal.

KI *EFÈ* MEDIKAMAN SAN PRESKRIPSYON YO GENYEN LÈ YO MAL ITILIZE?

- Tolerans fizik, sa ki mande plis medikaman pou genyen menm efè a
- Depandan fizik, sa ki mennen sentòm retrè lè yo sispann itilize yo
- Alterasyon nan pèsèpsyon ak nan devlopman sèvo a
- Batman kè ki iregilye
- Tanperati kò ki wo yon fason ki danjre
- Kriz
- Ovèdoz mòtèl



ÈSKE MEDIKAMAN SOU PRESKRIPSYON YO *ADDIKTIF*?

- Wi, yon medikaman sou preskripsyon ka adiktif, espesyalman lè li mal itilize. Si se yon preskripsyon, moun k ap itilize l ta dwe sèlman itilize l jan yon doktè konseye l la. Analjezik, sedatif ak estimilan yo kreye tolerans fizik ak depandans, pafwa menm lè yo pran yo kòm medikaman sou preskripsyon.
- Anpil founisè swen sante pral preskri sèlman kantite ki nesèsè a.
- Li enpòtan pou pran yon medikaman sou preskripsyon sèlman pandan kantite tan yon founisè swen sante preskri l la ak pou rete an kominikasyon ak founisè swen sante a konsènan jesyon doulè.
- Kèk medikaman sou preskripsyon sanble anpil ak dwòg adiktif nan lari yo, tankou ewoyin.

EDE *PREVNI* KONSOMASYON MEDIKAMAN SOU PRESKRIPSYON LAKAY ADOLESAN YO

- Prevansyon se sa ki plis enpòtan an.
- Edike adolesan ou an konsènan potansyèl domaj ki ka rive si li itilize medikaman sou preskripsyon yo ak lòt dwòg yo.
- Eseye sitiyasyon jedewòl pou ofri adolesan ou an yon fason pou jere domaj ki ka rive lè li abize de preskripsyon yo. Fè yon plan avèk adolesan ou an—pwobableman avèk itilizasyon yon mo kòd—pou ede yo soti nan sitiyasyon nwizib yo kote konsomasyon medikaman sou preskripsyon yo epi presyon kamarad yo kapab enplike.

KENBE ADOLESAN YO AN SEKIRITE KONT KONPRIME YO PANDAN W AP KITE KONPRIME YO *AN SEKIRITE* POU ADOLESAN YO.

- Reyalize ou kapab genyen medikaman sou preskripsyon ki danjre lakay ou.
- Asire w ke medikaman yo sekirize yon fason ki san danje nan yon lye kote li difisil pou jwenn yo.
- Debarase w de medikaman ki pa itilize yo, oswa medikaman ki ekspire yo nan yon lye lokal pou elimine medikaman.

Pou aprann sou kote pou jwenn bwat lokal pou elimine medikaman yo nan Delaware, vizite <https://www.helpisherede.com/Get-Help/Prescription-Drug-Drop-Box>.

KOUNYEYA MWEN KONNEN REYALITE YO — *KISA KIVINI APRESA?*

Ou ka vizite [talk2kidsaboutdrugs.com](https://www.talk2kidsaboutdrugs.com) pou jwenn enfòmasyon de konfyans, enfòmasyon ki konkrè pou paran ak edikatè yo.

